



Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP DEPLWAYE RESOUS NAN KONTE JEFFERSON AN  
PREVISYON INONDASYON POSIB LAKE ONTARIO**

***Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo Deplwaye Plis Pase 100,000 Sak Sab ak De Machin pou Ranpli Sak Sab yo Dirèkteman nan Konte Jefferson pou Pwoteje yo Kont Inondasyon***

***Eta a Pral Deplwaye Prèske 800,000 Sak Sab, 15 Machin pou Ranpli Sak Sab yo, Plizyè Santèn Ponp ak yon Baraj pou Dlo ki mezire 920 Pye nan Ywit Konte ki Afekte***

***100 Manm Gad Nasyonal New York la Rete Aktive pou Sipòte Operasyon Preparasyon yo***

***Gouvènè Cuomo Ankouraje Gouvènman Lokal yo Soumèt Demann pou Resous yo bay NY Responds oswa nan Sant Sivyans Eta New York la nan 518-292-2200***

***Pèmi Jeneral ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la Rete an Vigè pou Akselere Reparasyon yo pou Mèt Pwopriyete ki bò Rivaj la yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a deplwaman resous nan Konte Jefferson an previzyon inondasyon posib Lake Ontario. Yo te deplwaye plis pase 100,000 Sak Sab ak de machin pou ranpli sak sab yo nan lokal yo atravè konte a. Jiskadat, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te deplwaye plis pase 800,000 sak sab, 15 machin pou ranpli sak sab yo, plizyè santèn ponp ak yon baraj pou dlo ki mezire 920 pye nan ywit konte ki lonje sou tout rivaj lak lan. Jiaka jodi a, gen 100 manm Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) ki rete aktive pou sipòte operasyon preparasyon yo. An plis, ekspè dechaj yo nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC) ap enspekte yon fason pwoyaktif vwa marin yo ak etablisman ki tou pre rivaj yo pou asire ke tank estokaj kabiran yo ansanm ak lòt enfrastrikti yo byen sekirize, epi ke etablisman sa yo prepare pou gwo dlo yo.

"Si inondasyon sa a pral rive prèske chak ane nan ka sa a an nou investi epi olye de ranplase enfrastrikti an, an nou konstwi yon nouvel enfrastrikti ki pi bon ki ka jere nouvel nòmaliye sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te wè fim sa an 2017, nou konnen kijan li fini. Komisyon Konjwen Entènasyonal la (International Joint Commission, IJC) ta dwe lage plis dlo kouri pi bonè - sa se repons lan. IJC pa menm gen yon vwa New York epi mwen t'ap plenyen bay gouvènman federal la pandan de ane ki sot pase yo. Omwen mete yon moun New York nan IJC pou ke yon moun ka gen pèspektif New York, epi sa poko fèt - kidonk li fistran, li enèvan, li iresponsab. Mwen la pou mwen pwoteje New York epi New York, nan opinyon mwen, ap sibi domaj

anba men IJC. Pandan tan sa a, mesaj mwen bay otorite lokal yo li senp: fè nou konnen kisa ou bezwen an tèm resous ak kisa ke nou ka mete an plas pou redwi domaj yo ki kapab byen rive nan fen semèn sa a."

Gouvènè a te ankouraje yon lòt fwa ankò ofisyèl lokal yo ki nan ywit konte yo ki posiblerman ka afekte yo pa inondasyon Lake Ontario yo pou yo travay ansanm ak Responsab Ijans Konte yo pou soumèt nenpòt bezwen pou resous yo dirèkteman nan NY Responds, sistèm ki baze sou entènèt Eta a ki pèmèt alafwa gouvènman lokal ak ajans Eta a yo soumèt epi pataje enfòmasyon vital ki an rapò ak ijans yo epi demann pou resous yo. Responsab Ijans yo gen dwa tou soumèt demann atravè Sant Siveyans New York la (New York State Watch Center) nan 518-292-2200 si yo pa kapab gen aksè ak NY Responds nan moman an.

Mèt pwopriyete yo ki bò rivaj la yo ki bezwen sak sab, baraj pou dlo oswa lòt resous yo ta dwe kontakte minisipalite yo a oswa biwo jesyon ijans konte yo a dirèkteman pou jwenn asistans. An plis de operasyon pou preparasyon li yo ki ap kontinye bò rivaj la, Eta a pral kontinye kowòdone dirèkteman avèk konte yo ak patnè lokal yo pou asire ke estòk apwovizyonman yo pou abitan yo ak pwopriyete biznis yo kontinyèlman reyapwovizyone. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo rete an kominikasyon konstan avèk patnè lokal yo epi rete prepare pou deplwaye sak sab anplis, machin pou ranpli sak sab, ponp ak baraj pou dlo yo nan nenpòt lokalite ki nan bezwen.

Aprè yon rankont ak ofisyèl Eta a yo semèn pase a Komisyon Konjwen Entènasyonal la te ogmante kouran dlo ki soti nan Baraj Kouran Robert Moses-Robert H. Saunders lan sou Rivyè St. Lawrence lan pou ka minimize enpak yo, sepandan nivo dlo lak la rete plis pase yon pye pi wo pase nivo mwayen an epi li ta kapab kontinye monte.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo [te ekri yon lèt](#) bay IJC a pou mande Komisyon an maksimize kouran dlo ki soti nan sistèm Lak Ontario a pou evite inondasyon plizyè milye Nouyòkè te fè fas la an 2017. Depi lè sa a, nivo dlo yo rete pi wo pase mwayèn lan epi yo prevwa yo pral ogmante nan semèn k ap vini yo, sa ki egzije deplwaman alavans resous Eta a nan rejyon an pou pwoteje pwopriyete kay ak biznis yo kont inondasyon potansyèl yo.

An plis de efò kowòdinasyon Divizyon an ak deplwaman resous yo Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a te bay yon Pèmi Jeneral pou adrese efè potansyèlman destwiktè nivo dlo wo yo nan Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence akoz presipitasyon aktyèl yo ki pi wo pase nivo mwayen an ak nèj ki te fonn nan Basen Greate Lakes lan. Pèmi sa a, ki baze sou yon [Deklarasyon Ijans](#) komisè DEC a te fè, pral akselere pwosesis la pou mèt pwopriyete yo ki bò rivaj la fè reparasyon ki nesèsè yo rapidman epi estabilize pwopriyete yo kont dega inondasyon. Yo prevwa nivo dlo wo yo pral kontinye epi yo gen dwa lakòz ewozyon jeneralize sou rivaj la, andonmaje estrikti kotye yo epi mete an danje ensfrastrikti menm jan ak inondasyon istorik ki te rive nan prentan 2017 la.

[Nouvo pèmi](#) an disponib sou sit wèb DEC a. DEC ap aksepte demann jiska 30 Avril 2020. Otorite Pèmi Jeneral la ap an vigè jiska 30 Septanm 2020.

Aktivite yo pèmèt yo gen ladan:

- Reparasyon ak ranplasman an nati estrikti ewozyon yo;
- Reparasyon oswa rekonstwiksyon an nati wout, pon, sèvis piblik ak lòt enfrastrikti piblik ki te la deja yo;
- Estabilizasyon kay, teras, ak pasaj pyeton ki te la deja, ki fonksyonèl epi ke tanpèt la te andonmaje yo avèk ranfòsman ak anpilaj tanporè; epi
- Netwayaj blokaj kanal yo nan afliyan Lake Ontario yo ke sediman rivaj la bloke yo.

Pwopriyetè kay yo ak minisipalite yo ki gen kesyon sou pèmi yo kapab kontakte [Administratè Rejyonal Pèmi DEC](#) yo a.

An plis, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ap sipèvize operasyon pou ranpli sak sab yo nan ywit konte ki gen fwontyè ak Lake Ontario yo, an kowoperasyon ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) ki te bay ekip travay ki te konpoze ak ant 5-12 prizonye ki elijib, ki te ranpli prèske 170,000 sak sab epi te travay sou deplwaman yon baraj pou dlo. DOCCS pral kontinye mete ekip adisyonèl disponib selon jan sitiyasyon an ap evolye.

Sistèm Kòmand Ensidan DOT a te aktive pou evènman move tan sa a epi pèsònèl mentnans ap deplwaye ekipman DHSES yo tankou ponp dlo ak baraj pou dlo yo nan pozisyon estratejik ki gen fwontyè ak Lak la an previzyon inondasyon yo. Ekip yo tou ap prepare ekipman pou entèvansyon, yo ap enspekte estrikti drenaj yo nan zòn ki gen altitud ba yo, epi enspekte kanivo yo pou debri. Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) la ak Canal Corporation te bay asistans tou nan transpòte resous nan kominote ki afekte yo.

Depi dènye evènman nivo dlo wo a sou Lake Ontario, rivaj Rivyè Lower Niagara ak Rivyè St. Lawrence yo an 2017, Eta a te pran yon angajman 95 milyon dola pou Rivaj Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo. Pwogram rekiperasyon an te kòmanse avèk yon angajman inisyal 45 milyon dola pou ede rezidan yo, ti biznis yo, ak minisipalite ki te afekte pa inondasyon yo. Yo te ajoute de sibvansyon 5 milyon dola ki soti nan Pwogram Etablisman Eta ak Minisipal yo (State and Municipal Facilities Program) pou ranfòse èd yo te bay deja yo epi bay asistans finansye ki nesèsè pou efò rekiperasyon yo. Bidjè Eta 2018-19 lan te gen ladan yon lòt 40 milyon dola adisyonèl pou pwogram rekiperasyon an, ki te kontinye sipòte rekonstwiksyon ak estabilizasyon rivaj yo, ranbousman pou reparasyon ijans yo pandan inondasyon yo ak rekonstwiksyon dig lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)